MASSACHUSETTS
Department of
Early Education and Care

Maura Healey
GOVERNOR

Kim Driscoll
LIEUTENANT GOVERNOR

Patrick Tutwiler
SECRETARY

Amy Kershaw
COMMISSIONER

Sekirite nan zafè Chofaj Boutèy

Nimewo Politik la: FO-25-03

Dat Piblikasyon an: 9 jiyè 2025

Dat li Efektif: 1ye out 2025

Aplikasyon: Operasyon sou Teren: Tout Pwogram ki gen Lisans ak Finansman

---

KONTÈKS

Yo ka bay timoun yo bibwon lèt tibebe oswa lèt manman nan tanperati nòmal andedan kay oswa frèt. Sepandan, pafwa, yon fanmi ka mande pou bibwon pitit yo tyedi. Depatman Edikasyon ak Swen Bonè (EEC) rekonèt defi pwogram yo ka konfwonte lè yo ap eseye tyedi bibwon pou plizyè timoun an menm tan. Se poutèt sa, EEC ap mete ajou politik li sou sekirite chofaj bibwon pou pèmèt pwogram yo fleksib pandan l ap kontinye minimize risk pou timoun yo boule.

OTORITE

- 606 CMR 3.08(5)(l) Bilding akTèren: Moun ki gen lisans lan dwe asire tout zòn kote tibebe, timoun piti, ak jèn timoun ka rive pa aksesib pou timoun yon fason apwopriye.
- 606 CMR 5.10(5)(a) Kondisyon Fizik pou Kay Adopsyon: Kayla dwe pwòp, san danje, san dife evidan ak lòt risk....
- 606 CMR 7.11(5)(a) Prevansyon Blesi: Likid, manje, ak aparèy ki cho oswa ki vin cho ase pou boule yon timoun dwe rete lwen timoun yo.

DEKLARASYON POLITIK

EEC otorize metòd sa yo pou tyedi bibwon yo:

Dlo Tyèd

- Bibwon yo ka tyedi oswa deglase anba dlo k ap koule ki pa depase 120 degre Farennayt [*Gade* 606 CMR 7.07(10)(l)].

- Boutèy yo ka tyedi oswa deglase nan yon veso dlo tiyo. Veso dlo a dwe:
    - gen yon tanperati ki pa depase 120 degre Farennayt [*Gade* 606 CMR 7.07(10)(l)];
    - pa ranpli avèk dlo ki sòti nan yon distribitè dlo;
    - pa tyedi sou recho a, nan yon mikwo ond, oswa nan okenn lòt sous chofaj;
    - dwe rete kote timoun paka rive; epi
    - dwe plase yon fason pou l pa ranvèse oswa tonbe nan zòn ki rezève pou timoun

Aparèy pou Tyedi Bibwon

- Se sèlman aparèy pou tyedi bibwon ki itilize lè cho pou tyedi oswa aparèy pou tyedi bibwon elektrik ki pa itilize dlo oswa vapè yo otorize.

- Aparèy pou tyedi bibwon an dwe:
    - anpeche bibwo yo rive nan yon tanperati ki depase 120 degre Farennayt;
    - toujou rete kote timoun pa ka rive [*Gade* 606 CMR 7.07(13)(g)]
    - dwe plase yon fason pou l pa ranvèse oswa tonbe nan zòn ki rezève pou timoun;
    - dwe itilize ak estoke yon fason pou timoun pa ka rive nan plòg elektrik la [*Gade* 606 CMR 7.07(13)(h)];
    - dwe itilize ak netwaye dapre enstriksyon fabrikan yo; epi
    - pa sijè a rapèl pa Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè a [*Gade* 606 CMR 7.07(13)(a)].

Bibwon yo pa tyedi nan itilize aparèy pou tyedi bibwon ki itilize dlo ak / oswa vapè, fou mikwo ond, oswa aparèy kwizin ki lan.

Apre bibwon yo fin tyedi, melanj la dwe fèt an dousè[1] epi tanperati lèt la dwe teste anvan ou ofri li a yon timoun. Ou ka mete kèk gout lèt tibebe oswa lèt manman sou do

[1] Si w souke lèt manman an twòp, sa ka diminye valè nitritif li.

men w pou fè sa. Kèlkeswa metòd tès ou itilize, likid la ta dwe gen yon tanperati net (ni cho ni frèt). Si li tyèd, li gen anpil chans pou l twò cho epi ou dwe fè li frèt anvan ou itilize li. Tout bibwon tyedi, kit yo tyedi nan pwogram nan oswa fanmi an tyedi nan kay la epi voye yo avèk timoun nan, ta dwe teste pou asire yo pa twò cho anvan yo ofri yo a yon timoun.

Ou pa dwe kenbe timoun pandan w ap retire yon bibwon nan dlo tyèd oswa nan aparèy pou tyedi bibwon pandan w ap teste tanperati bibwon an.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ

- Pou plis enfòmasyon espesifik pou pwogram edikasyon bonè a, tanpri gade:
  - Pi bon Pratik pou Nouri avèk Bibwon nan Anviwònman Edikasyon ak Swen Bonè
  - Estokaj, Manipilasyon, ak Preparasyon Lèt Maman nan pwogram Swen Bonè ak Edikasyon yo.

- Pou plis enfòmasyon sou nitrisyon tibebe, tanpri vizite: USDA Nutrition by Life Stage: Infants.

- Pou plis enfòmasyon sou anpeche timoun boule, tanpri gade: Preventing Burn Injuries.

- Pou enskri pou alèt pa imèl Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè a (Consumer Product Safety Commission, CPSC) konsènan pwodui ki raple yo, tanpri gade : CPSC.gov: Abònman.

OBSOLÈT (pa sèvi ankò)

Politik sa a ranplase ansyen Politik Sekirite nan zafè tyedi Bibwon EEC a ki te pibliye nan dat 23 janvye 2012.